

NeMutungamiri  
Thomas S. Monson



# Kuwanazve Mweya weKisimusi

**M**akore akapfuura sagosa wechidiki, ndakaidzwa pamwechete nevamwe kuenda kuchipatara muSalt Lake City kuti tinopa maropafadzo kuvana vanorwara. Apo patakapinda, takaona muti weKisimusi unezvivheneko zvawo zvakajeka uye zvakanaka uye tikaona mapasuru akanga akanyatsoputirwa aivapasi pemapazi awo akanga akatambanuka. Zvino takapinda nemumipata umo vakomana nevasikana vadiki—vamwe vaiva nemapurasa paru-oko kana gumbo, vamwe vaiva nezvirwere izvo pamwe zvakanga zvisingakwanise kurapwa zvirinyore—vakatikwazisa nezviso zvinonyemwerera.

Kakomana kadiki kairwara zvikuru kakaidzira kwandiri kachiti, “Zita renyu ndiani?”

Ndakamuudza zita rangu, uye akabvunza kuti, “Mungandipawo rapafadzo here?”

Ropafadzo rakapihwa, uye apo patakatendeuka kuti tibve parutivi pemubhedha wake, akati, “Ndinokutendai zvikuru.”

Takafamba nhano shoma shoma, zvino ndikanzwa odaidzira kuti, “Bhuradha Monson, Kisimusi inerufaro kwamuri.” Zvino kunyemwerera kukuru kwakava pachiso chake.

Mukomana uyu aiva nemweya weKisimusi. Mweya weKisimusi chimwe chinhu chandinovimba kuti isu tose tinozova nacho mumwoyo yedu nemuupenyu hwedu—kwete chete panguva ino iyoyi asiwo nemugore rose.

Apo patinenge tiine mweya weKisimusi, tinoMuyeuka uyo Anekuzvarwa kwatinoyeuka panguva ino yegore: “Nokuti nhasi mazvarirwa muguta raDavidi Muponesi, ndiye Kristu Ishe” (Ruka 2:11).

Muzuva redu rino mweya wekupa zvipo une chinano chikuru-kuru mukuyeuka nguva yeKisimusi. Ndinofunga kuti hatingakwanise kubatsirika here neku-zvibvunza kuti, Zvipo zvipi zvingadiwa naIshe kuti *ini* ndipe kwaVari kana kune vamwe panguva ino yakakosha yegore?

Regai ndipewo pfungwa yekuti Baba vedu Vekude-nga vangada kuti mumwe nemumwe wedu ape kwa-Vari nekuMwanakomana Wavo chipo chekuteerera. Ndinonzwawo kuti Vangatikumbira kuti tizvipe isu pachedu uye tirege kuita chidingoveni kana kuita nhafu kana kukakavadzana, sekutaura kunoita Mwanakomana Wavo anokosha muBhuku raMormoni:

“Zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, uyo anemweya wokukakavadzana haasi wangu, asi wadhiahhorosi, anova . . . anyukura mwoyo yavanhu nehasha, mumwe kune mumwe.

“Tarisai, iyi haisi dzidziso yangu, kuti ndizadze mwoyo yavanhu nehasha, vachishatirisana; asi iyi ndiyo dzidziso yangu, kuti zvinhu izvi zvinofanira kubviswa” (3 Nifai 11:29–30).

Mumukuwo uno wakanakisa wekuzara kwenguva, mikana yedu yekuda nekuzvipa isu pachedu haina

muganhu zvechokwadi, asi inokwanisa chete kuvapo kwenguva pfupi yekuti tiishandise. Nhasi kune mwoyo yekufadza, mazwi anetsitsi ekutaura, zviito zvinoda kuitwa, uye mweya inoda kuponeswa.

Mumwe munhu aive nenzwisiso huru yemweya weKisimusi akanyora kuti:

*Ndiri Mweya weKisimusi—*

*Ndinopinda muimba yeurombo, ndichikonzera vana vane zviso zvakachenuka kuti vavhure maziso avo, mukushamisika kunerufaro.*

*Ndinokonzera ruoko rwakapfumbatwa rwemunhu anechindingoveni kuti rusununguke nokudaro zvoisa vara rakajeka pamweya wake.*

*Ndinokonzera vakwegura kuti vavandudze huduku hwavo uye kuti vaseke sezvavaiita apo pavakanga vari vadiki.*

*Ndinochengeta kudanana kuchienderera mumwoyo yehudiki, uye ndinojekesa kurara nehope dzakanaka.*

*Ndinokonzera tsoka dzine chido kuti dzibatsire avo vanoshaya, dzichisiya mwoyo ichishamisika nerunako rwenyika.*

*Ndinokonzera muparadzi kuti afunge zvishoma pamusoro penzira yake yekupengereka nekuparadza, uye agotumira kumudikani arikushushikana chipo chidiki chinoburitsisa misodzi yerufaro—misodzi inogeza mitsetse yakaoma yerusuwo.*

*Ndinopinda muzvitokisi zvinerima, ndichiyeuchidza avo vanemavanga erusuwo pahunhu hwavo pamusoro pezvazvingadai zvakave uye ndichinongedzera mberi kumazuva akanaka achazovapo.*

*Ndinouya zvinnyoro-nyoro, muimba chena inyerere yemarwadzo, uye miromo yakarukutika zvokutadza kutaura asi inongodendera murunyararo rwokutenda kwakasimba.*

*Munzira chiuru, Ndinokonzera nyika yakarukutika kuti itarise muchiso chaMwari, uye kwekanguva kadiki igokanganwa zvinhu zvidiki uye zvisina basa.*

*Ndiri Mweya weKisimusi.<sup>1</sup>*

Mumwe nemumwe wedu ngawane patsva mweya weKisimusi— kunyange Mweya waKristu.

#### **KWAKATORWA CHINYORWA**

1. E. C. Baird, "Christmas Spirit," muJames S. Hewitt, ed., *Illustrations Unlimited*.

## **KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO**

Apo pamunogovera shoko reMutungamiri Monson nemhuri, fungai kusimbisa mubvunzo wavakabvunza pamusoro pezvipo izvo Ishe zvangada kuti tipe kwaVari kana kune vamwe nguva ino. Kurudzirai nhengo dzemhuri kuti dzinyore pasi pfungwa nemazano avo (kana, kuvana vadiki, kuti vaite mufananidzo) pamusoro pekuti vanga "wana patsva sei mweya weKisimusi—kunyangwe Mweya waKristu."

## **VECHIDIKI**

### **Manheru Anoteverwa neZuva reKisimusi Akanaka**

**NaJerie S. Jacobs**

**A**po pandaikura, chimwe chikamu chakanakisa chegore rega rega chaiva Manheru Anoteverwa neZuva reKisimusi. Mhuri yangu neni taigadzira pitsa, toenda kunoimba nziyo dzeKisimusi, zvino taizoungana kuti tinzwe mashoko echechi pamusoro peKisimusi. Taiimba nziyo dzechechi nemazwi aisanyatsopindirana uye tichiridza zviri pamusoro-soro nziyo dzeKisimusi panezvekuridzisa mumhanzi zvakanga zvakasiyana-siyana. Baba vaigara vachizarira manheru acho neshoko reKisimusi raitisiya tiri mumisodzi yekufara. Upenyu hwakanga husinganadidze kupfuura Manheru Anoteverwa neZuva Kisimusi.

Apo pandakanga ndati kure zvishoma, amai vangu vakatanga kuchengeta muvakidzani wedu mudiki ainzi, Kelly. Kelly aiuya kumba kwedu mazuva ose mushure mekupedza chikoro apo amai vake, Patty, pavainge vachishanda. Kelly ainditeeredza kwese kwese sekambwanana—aineruzha uye ainezvavanoda. Tainzwa kuzorora nguva dzose apo Patty painge atora mwanasikana wake uye vachisiya pamba pangu nemhuri yangu tava murunyararo.

Mumwe Zvita, ndakakatyamadzwa apo amai pavakakoka Patty naKelly kuti vabatane nesu paManheru Anoteverwa neZuva reKisimusi. Manheru Anoteverwa neZuva reKisimusi *Angu*. Amai vakanyemwerera vachindivimbisa kuti, "Hazvina chinhu chazvinoshandura." Asi ndaiziva kuti zvaizoshandura zvinhu. Vaizodya pitsa yedu yose. Kelly aizoseka kuimba kwedu. Ndakatarisira uye ndikatambira kuti aya aizova

Manheru Anoteverwa neZuva reKisimusi akaipisisa.

Apo pakasvika manheru aya, Patty naKelly vakava nesu, uye tikataura nekuseka uye tikaimba. Amai vangu vakanga vataura chokwadi. *Akanga akanaka chaizvo.* Pakati peusiku vakatitenda uye vakaenda vasingadi.

Ndakaenda kunorara ndiine mwoyo wakazara nerudo nekutenda. Ndakaona kuti zvipo zvinokosha zvechokwadi zveKisimusi hazvideredzwi apo pazvinogoveranwa. Panzepaizvozvo zvinova zvirinani uye zvinowanda apo patinozvipa kune vamwe.



Rutendo • Mhuri  
• Rubatsiro

# Dzidziso yeKushanyirana, Basa reRuponeso

*Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.*

**D**zidziso yekushanyirana inopa madzimai mukana wekutaririra, kusimbisa, nekudzidzisana— zvechokwadi ibasa reruponeso. Kuburikidza nedzidziso yekushanyirana, masisita anotaririrana akamirira Muponesi uye vanobatsira kugadzirira madzimai kumaropafadzo eupenyu husingaperi.

“Tinofanira ‘kuyambira, kutsanangura, kukurudzira, nekudzidzisa, nekukoka [vamwe] kuti vaue kuna Kristu’ (D&C 20:59), sekutaura kwakaita Ishe muzvakazarurwa zvavo,” vakadaro Mutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985). Pamusoro pazvo, vakati, “Uchapupu hwenyu inzira yokuita izvi yakanakisisa.”<sup>1</sup>

Apo isu sevadzidzisi vekushanyirana patinowedzera ruzivo rwedu rwezvokwadi zvevhangeri, zvapupu zvedu zvinosimbisa uye zvinotsigira masisita arikugadzirira kubhabhatidzwa nekusimbiswa. Tinobatsira nhengo itsva kuti dzive dzakabataririra zvakasimba muvhangeri. Kushanya kwedu nerudo rwedu zvinobatsira “kudzosa avo vakarasika [uye] zvigodziisa mwoyo yeavo vatondhona muvhangeri.”<sup>2</sup> Uye tinokurudzira masisita kuuya kuna Kristu kuburikidza nekuenda

kutemberi.

“Muchaponesa mweya,” vakadaro Mutungamiri Kimball kuvadzidzisi vekushanyirana, “uye ndiyani angaziva asi kuti vazhinji vevanhu vakanaka vari muChechi nhasi varimo nokuti maiva mudzimba dzavo uye mukavapa pfungwa itsva, tariro itsva. Makazarura zvinhu kwavari zvavakanga vasinganzwisise. Makawedzera ruzivo rwavo. . . .

“Munoona, hamusi chete kuponesa masisita aya, asi zvimwewo varume vavo nedzimba dzavo.”<sup>3</sup>

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

Dzidziso neZvibvumirano 20:59; 84:106; 138:56

## **Kubva muNhorondo Yedu**

Apo Muporofita Joseph Smith paakaronga Chita cheRubatsiro, akati madzimai vakanga vasingafanire kutaririra chete varombo asiwo kuponesa mweya. Akadzidzisawo kuti madzimai arimuChechi vane mabasa anokosha muchirongwa cheruponeso chaBaba Vekudenga.<sup>4</sup> Tichitungamirirwa nemisimboti yakadzidziswa neMuporofita Joseph Smith, isu semasisita ari muChita cheRubatsiro tinokwanisa kushanda

pamwechete kugadzirira madzimai nemhuri dzavo kumaropafadzo aMwari makuru-kuru.

“Ngatiitiranei tsitsi,” akadaro Mutungamiri Brigham Young (1801–77), “uye itai [kuti avo] vakasimba vataririre zvinyoronyoro avo vakarukutika mukuvasimbisa, uye itai kuti avo vanoona vatungamirire mapofu kusvikira vavakukwanisa kuzvionera nzira pachavo.”<sup>5</sup>

### **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Spencer W. Kimball, mu*Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 116.
2. Eliza R. Snow, mu*Daughters in My Kingdom*, 45–46.
3. Spencer W. Kimball, mu*Daughters in My Kingdom*, 117.
4. Ona Joseph Smith, mu*Daughters in My Kingdom*, 171–72.
5. Brigham Young, mu*Daughters in My Kingdom*, 107.

### **Chii Chandingaite?**

1. Chita cheRubatsiro chinondigadzirira sei kuwana maropafadzo eupenyu husingaperi?
2. Chii chandingaite kuwedzera rutendo rweavo vandinotaririra?

Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.